

**NERAPKEUN MODEL PEMBELAJARAN PROBLEM BASED LEARNING  
(PBL) JANG NINGKATKEUN KABIASAAN NYANDAK RESIKO SACARA  
TANGGUNGJAWAB (HABITS OF MIND) DINA KONSEP  
KAANEKARAGAMAN HAYATI**

**Abstrak**

*Tujuan panalungtikan ieu pikeun nangtukeun tatacara nerapkeun modél pangajaran Problem Based Learning nu nyoko ngaronjatkeun kabiasaan make resiko tanggung jawab (Habit Of Mind) dina rupa-rupa ilmu hirup jeung kahirupan. Nu dipiharep tina panalungtikan ieu bisa ngaronjatkeun pangarti siswa dina ilmu pangaweruh, pamadegan hirup, jeung pangabisa supaya tuman atawa ditumanan make resiko tanggung jawab. Sasaran panalungtikan nyaeta kelas X MIPA SMA PGII 2 tahun 2017/2018 kalayan jumlah murid 36. Metode nu dipaké panalungtikan nyaéta Desain Pra-Experimental kalayan maké rarancang panalungtikan One Group Pretest-Posttest Design. Hasilna nembongkeun yen beubeunangan peunteun dina ilmu pangaweruh tina hasil uji Z sareng nilai Z diitung 2.28, sedengkeun nilai tina Z tabel -0.48, saterasna itungan hasil uji Z dina anggapan samemehna anu katampa atawa métode anu digunakeun ieu dikawasa bari ngarti ku barudak. Bari dina skor uji N-Gain 0.62 kalawan kriteria meujeuhna, aya paningkatan antara pretés (saméméh ulangan) jeung postés (sanggeus ulangan). Keur peunteun pamadegan (afektif) nu aya lima aspek ngan ukur 88,8 nembongkeun peunteun pohara alus. Peunteun pangabisa (psikomotor) diwangun ku ninggali langsung sarta disawalakeun, peunteun tina hasil, jeung peunteun jawaban murid dina rata-rata 82 nembongkeun kriteria alus. Hasil uji tina korelasi kognitif jeung nilai afektif tina koefisien korelasi  $-0.239 > 0.160$  (data teu korelasi), nu afektif sareng psikomotor boga nilai tina koefisien korelasi  $-0.378 < 0.023$  atanapi (aya korelasi), psikomotor kalayan nilai kognitif koefisien korelasi  $0.0221 < 0.196$  (teu korelasi). Tina hasil panalungtikan ieu disimpulkan yén model pembelajaran Problem Based Learning (PBL) bisa nambahan ningkatkeun pangabisa supaya tuman atawa ditumanan make resiko tanggung jawab (habit of mind) murid dina rupa-rupa ilmu hirup jeung kahirupan.*

**Kata Konci:** *Problem Based Learning, habits of mind, nyokot resiko sacara tanggungjawab, keanekaragaman hayati.*